



Bezwen Èd pou Peye Fakti Elektrisite w la?

Konpayi sèvis piblik ou a ofri rabè sou bòdwo, soulajman dèt, ak pwogram peman pou jere depans mansyèl yo.



Fè bòdwo chak mwa
yo previzib



Likide balans ki an reta yo



Diminye faktire chak mwa
ou yo

Èske ou vle peye menm montan an
sou bòdwo ou chak mwa?



Faktirasyon Bidjè: Ou ka gaye depans bòdwo anyèl yo atravè peman mansyèl egal. Montan peman yo ka ajiste detanzantan, selon itilizasyon.

Èske ou an reta sou bòdwo ou yo?



Plan Peman: Ou ka etale peman pou balans ki anreta sou tan, kèlkeswa revni an.

Èske kay ou a kalifye pou plis sipò?

Si kay ou a satisfè limit revni sa yo, ou kalifye pou rabè sou to ak pwogram padon peman atravè konpayi sèvis piblik ou a. Kontakte konpayi sèvis piblik ou a pou enskri.

Gwosè Kay la	1	2	3	4	5	6	7	8
Revni Maksimòm	\$51,777	\$67,709	\$83,641	\$99,573	\$115,504	\$131,436	\$134,423	\$137,410

Si ou bezwen yon soulajman pou bòdwo chak mwa, ou ka jwenn yon rabè sou total bòdwo elektrisite ou chak mwa. Ou ka deja gen yon rabè si ou gen SNAP, Mass Health, HEAP, oswa yon lòt pwogram asistans kalifye. Rabè pa sèvis piblik:

- **National Grid:** 32%–71%
- **Eversource:** 42%
- **Unitil:** 40%

Si ou gen bòdwo ki anreta, konpayi sèvis piblik ou a ofri plan pou padone peman. Chak mwa ou peye bòdwo aktyèl ou a alè, konpayi sèvis piblik ou a anile yon pousantaj nan balans ou ki anreta a. Ou ka enskri si:

- Ou gen yon rabè sou pri a
- Balans ou ki anreta a plis pase \$300
- Balans ou ki anreta a gen plis pase 60 jou depi li poko peye

Eversource West: (877) 659-6326
Eversource East: (800) 592-2000

National Grid: (800) 322-3223
Unitil: (888) 301-7700